**दिन—मंगलवार** **दिनांक—10.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

संसदक बजट सत्रक दोसर चरण आइ सँ आरंभ भेल। लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी सदन मे मतदाता सूचीक मुदा उठौलनि। ओ जनौलनि जे संसद मे एहि विषय पर चर्चा होयबाक चाही। शून्यकालक दरमियान श्री गांधी कहलनि जे पूरा विपक्ष मतदाता सूची पर चर्चाक मांग कऽ रहल अछि। एम्हर आइ भोर सदनक कार्यवाही आरंभ होयतहिं डीएमके सांसद नव शिक्षा नीति आ त्रि—भाषा फॉर्मूला पर हंगामा शुरू कऽ देलनि। ई सभ शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान लऽग पहुंचि कऽ नारेबाजी करय लगलाह। एहि पर शिक्षा मंत्र धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि जे डीएमकेक एक मात्र उद्देश्य भाषाक बाधा सभ उत्पन्न कऽ छात्र लोकनिक भविष्य खराब करब अछि।

———————————————————

केन्द्रीय जल शक्ति मंत्री सीआर पाटिल कहलनि जे जल जीवन मिशनक कारणे अस्सी प्रतिशत सँ बेसी ग्रामीण घर सभ मे नल सँ पानि भेटि रहल अछि। राज्यसभा मे एक पूरक प्रश्नक उत्तर मे श्री पाटिल कहलनि जे दू हजार उन्नैस मे मात्र सोलह प्रतिशत ग्रामीण घर सभ मे नल सँ पानिक कनेक्शन छल। ओ जनौलनि जे विश्व स्वास्थ्य संगठनक अनुमानक अनुसार एहि मिशनक कारण जलजनित बीमारी सँ होबयबला मृत्यु मे कमी आयल अछि।

———————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे मुख्यमंत्री लघु उद्यमी योजनाक कार्यान्वयनक लेल एक उच्च स्तरीय समितिक गठन कयल जायत। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा कहलनि जे ई समिति सामाजिक—आर्थिक सर्वेक्षणक रिपोर्टक वैज्ञानिक तरीका सँ प्रयोग पर सुझाव देत। श्री मिश्रा कहलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार तेईस—चौबीसक लेल चालीस हजार सँ बेसी जखनकि वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस—पच्चीसक लेल लगभग साठि हजार लाभार्थी सभक

चयन कयल गेल। उद्योग मंत्री जनौलनि जे जाहि चौरानवे लाख अति गरीब परिवारक पहचान कयल गेल अछि, हुनका मुख्यमंत्री उद्यमी योजना, प्रधानमंत्री रोजगार सृजन योजना आ स्टार्टअप योजनाक दायरा मे सेहो आनल जायत। श्री मिश्रा ई सेहो जनौलनि जे पहिल किस्तक लेल दुनू चरण मे कुल तीन सय एक्कैस करोड़ अडसठि लाख टाकाक अनुदान देल गेल अछि।

———————————————————————

आरा नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत गोपाली चौक लऽग अपराधी सभ एक आभूषण शोरूम सँ लगभग पच्चीस करोड़ टाका मूल्यक आभूषण लूटि लेलक। पुलिस अधीक्षक मिस्टर राज जनौलनि जे बरहरा थाना पुलिस बबुरा छोटी पुल लऽग तीन मोटरसाइकिल सवार अपराधी सभ के रोकबाक कोशिश कयलनि ओकर बाद अपराधी सभ पुलिस पर फायरिंग कऽ देलक। पुलिसक जवाबी फायरिंग मे दू अपराधी के गोली लागल जकरा गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि। एहि दुनू लऽग सँ किछु आभूषण सेहो बरामद कयल गेल अछि। ओतहि, चारि आन अपराधी भगि जएबा मे सफल रहल। पुलिस अधीक्षक जनौलनि जे अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापामारी कयल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे आइ भोर छओ के संख्या मे आयल अपराधी सभ हथियारक बल पर शोरूमक शटर बंद कऽ लूटक घटना के घटित कयने छल। अपराधी सभ शोरूमक गार्ड सँ बंदूक सेहो लूटि नेने छल।

———————————————————————

झंझारपुर लोकसभा क्षेत्रक राजनगर आ वैशाली लोकसभा क्षेत्रक बखरा मे शीघ्रहिं पोस्ट ऑफिस पासपोर्ट सेवा केन्द्र प्रारंभ होयत। पटनाक क्षेत्रीय पासपोर्ट अधिकारी जनौलनि जे बाईस मार्च कऽ एहि दुनू पासपोर्ट सेवा केद्रक औपचारिक तौर पर शुभारंभ होयत। राज्य मे एखन पैंतीस पोस्ट ऑफिस पासपोर्ट सेवा केन्द्र संचालित अछि।

———————————————————————

कांग्रेस सोलह मार्च सँ पलायन रोको नोकरी दो पद यात्रा प्रारंभ करत। पटना स्थित प्रदेश मुख्यालय सदाकत आश्रम मे पार्टीक प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू ई घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे एनएसयूआई आ यूवा कांग्रेसक दिस सँ चंपारण के भीतिहरवा आश्रम सँ पदयात्रा प्रारंभ होयत।

———————————————————————————

पूरबा हवाक प्रभाव सँ राज्यक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार तैंतीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————————————

समाप्त